

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Novél *Lalangsé* Karya Aam Amilia (Ulukan Struktural jeung Psikologi Humanistik Abraham Maslow)” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita jeung psikologi humanistik nu aya dina ieu novél. Anu jadi objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Lalangsé* karya Aam Amilia. Struktur carita nu dipaluruh nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Tiori anu digunakeun dina ieu panalugntikan nyaéta tiori Robert Stanton jeung tiori Abraham Maslow. Méthode anu digunakeun nyaéta déskriptif analisis kalawan téhnik studi pustaka.

Struktur carita anu nyampak dina ieu carita nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. **Téma** dina ieu carita nyaéta “asmara”. Lantara nyaritakeun guru anu bogoh ka murid. Tapi palaku utama dina ieu carita geus boga salaki anu keur dines jauh. Ieu téma téh ngawengku pajauhna Sri Rahayu jeung Ajat, usulan ngeunaan majalah Sunda, masalah ngeunaan majalah Sunda, Sri Rahayu aya rasa leuwih ka Jaka, majalah Sora teu meunang diteruskeun deui, Rahayu jeung Jaka silih pikanyaah, Jaka sadar hubungan jeung Rahayu salah. **Fakta Carita** ngawengku galur, palaku, jeung latar. **Galur** anu digunakeun dina ieu carita nyaéta galur mérélé, anu tahapanana ngaruntuy di awal-tengah-ahir. Timimiti ngawanohkeun palaku, mimiti ayana pasulan, ayana masalah, muncakna masalah, nepika bérésna masalah. **Palaku** dina ieu carita aya dalapan urang palaku. Palaku utama dina novél *Lalangsé* aya dua urang, nyaéta Sri Rahayu salaku palaku utama kahiji anu matotoskeun pasualan nu aya dina jalan carita. Jaka salaku palaku utama kadua nu nyebabkeun ayana pasualan. Palaku tambahan aya Pepen, aki Jaka, indung Jaka, Ajat, Sunarya, Gigo. **Latar** dina ieu carita kabagi jadi dua, aya latar tempat jeung latar waktu. Aya opat latar tempat dina ieu carita, nyaéta imah Sri Rahayu, kamar Sri Rahayu, Sakola, Garasi, jeung buruan tukang sakola. Latar waktu nu aya dina ieu carita aya dua nyaéta peuting rék ka isuk, jeung isuk-isuk. **Sarana Sastra** anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta gaya basa. **Gaya Basa** anu kapanggih dina ieu carita nyaéta gaya basa kiasan similé.

Dina analisis psikologi humanistik teu sakabéh palaku kapaluruh. Palaku-palaku anu kapaluruh nyaéta palaku anu watekna katitén jelas. Dumasar analisis dina aspék pangabutuh kana rasa héman, pangabutuh kana rasa aman, jeung pangabutuh kana aktualitas diri leuwih di dominasi ku Rahayu. Sedengkeun dina aspék pangabutuh kana penghargaan leuwih kapanggih dina tokoh Jaka.

Dumasar kana sababaraha pedaran, bisa dicindekeun yén novél Lalangsé karya Aam Amilia miboga struktur anu lengkep. Sanajan dina basa nu digunakeun masih aya nu kamalayan jeung maké basa ragam loma.

## **5.2 Implikasi**

Implikasi ieu panalungtikan anu medar hasil analisis struktur jeung psikologi humanistik dina novél Lalangsé karya Aam Amilia. Dumasar kana hasil analisis, dina ieu panalungtikan pasti aya kaonjongan jeung kahéngkérangan. Salasahiji kahéngkérangan anu kapanggih nyaéta sumber anu heureut tapi miboga implikasi dina widang paélmuan. Dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan élmu kasusastraan, ogé bisa ngeuyeuban kamekaran psikologi humanistik, hususna dina sastra Sunda.

## **5.3 Rékoméndasi**

Sanggeus ieu panalungtikan ngeunaan struktural jeung psikologi humsnistik dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panaluntikan satuluyna pikeun kamekaran sastra Sunda.

- 1) Mahasiswa bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah kritik sastra tur bisa dituluykeun panaluntikan-panaluntikan anu leuwih hadé. Lantaran dina ieu panalungtikan masih loba kakurangan.
- 2) Panalungtikan ngeunaan psikologi humanistik perlu terus dilaksanakeun, sangkan kapanggih aspék psikologi humanistik dina karya-karya sastra séjén jeung pangarang séjénna.
- 3) Lembaga paélmuan dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajénan sarta ngahudangkeun karep masarakat dina ngajénan karya sastra hususna karya sastra Sunda dina widang novél.

